

*E. W. Védrine Kreyòl Lesson for beginners:
An introduction to Haitian Creole*
© by Emmanuel W. VEDRINE
ed. 2004
evedrine@hotmail.com

Note: Phrases and idioms in Haitian Creole,
Teaching materials for Haitian Bilingual,
Teaching materials For Learners of Haitian Creole (Kreyòl)

INTRODUCTION

It was a pleasure when I met the PROJECT HOPE team in 1997, a group of young American missionaries (both men and women) who were going to Haiti for a week to work with children. Bill Henson, leader of the group, established contact through a Haitian friend, Edrice Milor, in order to give them a Kreyòl tutor. Bill contacted me many times. Finally, I scheduled a meeting with him in Harvard Square (June 29, 1997) where he picked me up to go and meet the group in Lexington, Massachusetts. We spent 5 hours together at Grace Chapel in a classroom, working. The students collaborated a great deal in this lesson where they came up with many phrases in English that they need to know in Kreyòl to be used with Haitians and particularly in their project's extension, "Hope for the children of Haiti". It's a group of young people in their 20's who have already shown dynamism to go and work with children in Haiti and with staff in the project. Among their work, they will be teaching English also during two weeks. I hope that their contact with Haitian youth will bring a lot of success in order for this seed to multiply in the future.

(E. W. Védrine)

PREMYE LESON (FRAZ KI ITIL) FIRST LESSON (USEFUL PHRASES)

Mwen pa abitwe (abitye)...	<i>It is not my custom...</i>
Tout moun ansanm!	<i>Everybody together!</i>
lòt fraz	<i>other phrases</i>
Mwen malad	<i>I am sick.</i>
Ou malad?	<i>Are you sick?</i>
Mwen fatige.	<i>I am tired.</i>
Ou gen lè (sanble w) fatige.	<i>You look tired.</i>
Mwen santi m pa byen.	<i>I don't feel well.</i>
Gen yon bagay ki santi la a.	<i>There is something that smells here.</i>
Ann ale!	<i>Let's go!</i>
Li twò cho.	<i>It's too hot! (drink, food).</i>
Pale dousman souple.	<i>Please, speak slowly.</i>
Ou ka pale dousman souple?	<i>Can you please speak slowly?</i>
Pi vit!	<i>Faster!</i>
Al(e) pi vit	<i>Go faster.</i>
Al(e) dousman.	<i>Go slowly.</i>
Twò vit! (twò rapid!)	<i>Too fast!</i>
Ou ale (w ale) twò vit!	<i>You go too fast!</i>
Li rapid.	<i>He, she, it is fast.</i>
Mwen pa konprann.	<i>I don't understand.</i>
Ou ka repete souple?	<i>Can you please repeat?</i>
Ou ka pentire sa a?	<i>Can you paint this?</i>
Mwen fò.	<i>I am strong.</i>
Mwen fò.	<i>I am intelligent.</i>
Li fò anpil.	<i>He, she is very strong.</i>
Li fò (entelijan) anpil.	<i>He, she is very intelligent.</i>
Mèsi anpil!	<i>Thank you very much!</i>
Pad(e)kwa!	<i>You're welcome!</i>
Pa gen pwoblèm!	<i>You're welcome (no problem)!</i>
Nou pre (pare)?	<i>Are you (group) ready?</i>
Wi, nou pre (pare).	<i>Yes, we are ready.</i>
Rete la souple.	<i>Stop here please.</i>
Rete pou mwen souple.	<i>Stop for me please.</i>
Non, nou poko pre (pare).	<i>No, we are not ready yet.</i>
Ann ale.	<i>Let's go.</i>
Pa ale!	<i>Don't go!</i>
Nou prale kounyeya.	<i>We are leaving now.</i>
Se tou (pa) Bil.	<i>It's Bill turn.</i>
Se tou kilès?	<i>Whose turn is it?</i>

Se tou pa mwen (pa m).
 Tou pa mwen.
 Kilès (kiyès) ki vle eseye?
 Ban m (kite m) eseye.
 Kilès ki sonje (chonje)?
 Mwen sonje.
 Yo pa sonje.
 N ap kenbe kontak.
 Babay! (M ale!)
 N a wè!
 N a wè pita.
 Konbyen li koute?
 Konbyen sa a (koute)?
 (Ki pri sa a?)
 Li koute...
 Li pa chè.
 Li pa chè ditou (menm).
 Li twò chè.
 Ou vle bay li pou...
 Se yon piyay.
 Li koute...
 Oke, ou mèt pran li.
 Sa pa enpòtan!
 M ap achte l.
 M ta renmen achte l.
 Eskize m, m pa konprann.
 Ou konprann?
 Nou se misyonè.
 Nou se misyonè ameriken.
 Nou se Ameriken.
 Li se Ameriken.
 Li se Amerikèn.
 Mwen se Ameriken.
 Mwen se Amerikèn.
 Ki nasyonalite ou?
 Paspò ou souple (silvouplè)!
 Pa gen anyen m ap deklare.
 Ou pa gen anyen w ap deklare?
 Li fè l.
 N ap anseye anglè.
 N ap aprann kreyòl.

It's my turn.
My turn.
Who wants to try?
Let me try.
Who remembers?
I remember.
They don't remember.
We'll keep in touch.
Good bye!
See you!
See you later.
How much does it cost?
How much is this?

It costs...
It's not expensive.
It's not expensive at all.
It's too expensive. (Too expensive)
Will you sell it for...?
It's a bargain.
It costs...
O.k., you can take it.
That's not important!
I will buy it.
I would like to buy it.
I'm sorry, I don't understand.
Do you understand?
We are missionaries.
We are American missionaries.
We are American.
He is American.
She is American.
I'm American. (m.)
I'm American. (f.)
What's your nationality?
Your passport please!
I have nothing to declare.
Do you have anything to declare?
He, she did it.
We are teaching English.
We are learning Kreyòl.

N ap anseye nan òfelina a.
 Kibò (kikote) n ap anseye?
 Yo se òfelen.
 Mwen renmen ou.
 Mwen renmen ou anpil.
 Jezi renmen ou.
 Ou kwè nan Jezi?
 Ou kwè nan Bondye?
 Ou tande tande pale de Jezikri?
 Jezi se sèl chemen ki mennen nan syèl.
 Ansyen Testaman
 benediksyon
 gras, lagras
 kwayan
 kwayans
 kwè nan Bondye
 Labib, Bib la
 lekòl biblik
 lekti
 fwa, lafwa
 lanfè
 Nouvo Testaman
 peche

We are teaching at the orphanage.
Where are we teaching?
They are orphans.
I like (love) you.
I like (love) you a lot.
Jesus loves you.
Do you believe in Jesus?
Do you believe in God?
Have you heard of Jesus Christ?
Jesus is the only way to Heaven.
Old Testament
blessing
grace
believer
belief
to believe in God; believe in God
The Bible
Bible school
reading
faith
hell
New Testament
sin

Ou gen yon Bib?
 Men sa Bib la di.
 Bib la di (Labib di)
 Bib la ap pale...
 Jezi mouri pou peche nou.
 Ou trè espesyal pou Jezi.
 Ak Jezi, tout peche padone.
 Ak Jezi, tout bagay posib.
 Ou ka ede mwen?
 Mwen ka ede ou?
 Kijan mwen ka ede ou?
 Ou ka ede mwen souple?
 Mwen pa kapab.
 Mwen vle al(e) nan twalèt.
 Mwen vle al(e) nan twalèt.
 Kote twalèt la ye la a?
 Watè kenbe m.

Do you have a Bible?
Here is what the Bible says.
The Bible says...
The Bible is talking...
Jesus died for our sins.
You are very special to Jesus.
With Jesus, all sins are forgiven.
With Jesus, everything is possible.
Can you help me?
Can I help you?
How can I help you?
Can you help me please?
I can't.
I want to go to the bathroom.
I want to go to the toilet.
Where is the toilet?
Emergency bowel problem.

DEZYÈM LESON (KESYON AK «KI») SECOND LESSON (WH- QUESTIONS)

kilès, kiyès, kimoun	<i>who (person)</i>
kibò, kikote, kote	<i>where (location)</i>
kisa	<i>what (thing)</i>
pouki, poukisa	<i>why (cause)</i>
kijan, kòman, kouman (r.v)	<i>how</i>
kilè	<i>when (time)</i>
A ki lè?	<i>At what time?</i>
Kilès ki konnen?	<i>Who knows?</i>
Kilès moun sa yo ye?	<i>Who are these people?</i>
Kilès sa a?	<i>Who is this?</i>
Kibò ou prale?	<i>Where are you going?</i>
Kibò ou rete?	<i>Where do you live?</i>
Kilè w ap kite?	<i>When are you leaving?</i>
Poukisa ou fè sa?	<i>Why do you do that?</i>
Bonjou!	<i>Good morning! Hello!</i>
Kijan ou ye?	<i>How are you doing?</i>
Trè byen.	<i>Very well.</i>
M la piti piti.	<i>So, so. (I am there)</i>
M la, m ap kenbe.	<i>I am there, holding on (I'm fine).</i>
Sa k pase?	<i>What's happening?</i>
Oke.	<i>Fine.</i>
Kijan ou rele?	<i>What's your name?</i>
Mwen rele Bil.	<i>My name is Bill.</i>
E ou menm?	<i>And you?</i>
Mwen rele...	<i>My name is...</i>
Kibò ou soti?	<i>Where are you from?</i>
Mwen soti Boston.	<i>I am from Boston.</i>
Fanmi m soti Tekzas.	<i>My family is from Texas.</i>
Kibò w soti Ayiti a?	<i>Where in Haiti are you from?</i>
M kontan fè konesans ou.	<i>I am happy to meet you.</i>
Kilè m ap wè w ankò?	<i>When am I going to see you again?</i>
Bon vwayaj!	<i>Have a nice trip!</i>
M ap tann lèt ou.	<i>I am waiting for your letter.</i>
N ap kenbe kontak.	<i>We'll keep in touch.</i>
Souple (silvouplè) ekri m.	<i>Please write to me.</i>
Mwen pa gen adrès ou.	<i>I don't have your address.</i>
Mwen ka gen adrès ou?	<i>Can I have your address?</i>
Ki adrès ou?	<i>What's your address?</i>

TWAZYÈM LESON (KOULÈ, ELEMEN VÈBAL, TANPERATI, VÈB)
THIRD LESSON (COLORS, MARKERS, WEATHER, VERBS)

ajan	<i>silver</i>	Liz gen yon chèn ajan. <i>Liz has a silver chain.</i>
blan	<i>white</i>	blan kou (la)nèj (<i>idiom</i>)
ble	<i>blue</i>	ble kou digo (<i>idiom</i>)
ble maren	<i>navy</i>	Ki koulè blouz sa a? <i>What color is this blouse?</i>
ble pal	<i>aqua</i>	Ble pal se yon bèl koulè. <i>Aqua is a nice color.</i>
gri	<i>gray</i>	Mayo sa a gri. <i>This T-shirt is gray.</i>
jonn, jòn	<i>yellow</i>	jòn kou safran (<i>idiom</i>)
mawon	<i>brown; maroon</i>	Li mete soulye mawon yo. <i>He is wearing the brown shoes.</i>
mov	<i>purple</i>	Ki koulè chemiz Jan an? <i>What's the color of Jean's shirt?</i>
nwa	<i>black</i>	nwa (nwè) kou sinigal, nwa kou lank (<i>idiom</i>)
oliv	<i>olive</i>	Ki koulè prefere w? <i>What's your favorite color?</i>
oranj	<i>orange</i>	Ou renmen koulè oranj lan? <i>Do you like the orange color?</i>
vèt, vèt	<i>green</i>	vèt pou powo (<i>idiom</i>)
wouj	<i>red</i>	wouj kou woukou (<i>idiom</i>)

elemen vèbal

ap	=
pral(e)	=
pral(e), va, ava	=
ta	=
te	=
te ap (t ap)	=

markers

<i>progressive</i>
<i>near future</i>
<i>future</i>
<i>condition</i>
<i>past</i>
<i>past progressive</i>

M ap manje.	<i>I am eating. (I am in the process of eating).</i>
M ap vini.	<i>I am coming.</i>
Kisa m ap fè kounyeya?	<i>What am I doing now?</i>
Kibò Dtè Bèna pral kounyeya?	<i>Where is Dr. Bernard going now?</i>
Kisa ou te fè yè?	<i>What did you do yesterday?</i>
Ou pral avè m?	<i>Are you going with me?</i>
Yo t ap manje lè yo frape (nan) pòt la.	<i>They were eating when they knocked at the door.</i>
Fè m konnen lè w prale.	<i>Let me know when you are leaving.</i>
Se sa nou va gen pou fè.	<i>That's what we will have to do.</i>
Ou ava (w ava) di l rele m.	<i>(You will) tell him to call me.</i>
Pral gen yon tanpèt.	<i>There will be a storm.</i>
Ap gen move tan demen.	<i>There will be bad weather tomorrow.</i>

tan, tanperati

Kijan tan an ye?
Kijan tan an ye deyò a?
Li fè bo, bon.
Li (fè) cho.
Li (fè) cho anpil.
Li fè frèt (fwa)
Li (fè) fre.
move tan
L ap fè nèt (nèt ap tonbe).
L ap fè lapli (lapli ap tonbe).
Wi, l ap fè lapli kounyeya.
Non, li p ap fè lapli kounyeya.
L ap fè van (gen van).
Van ap vante (gen van).
Van ap vante fò (gen gwo van)
Gen solèy.
Solèy la cho.
Mwen renmen tanperati a.
Mwen pa renmen tanperati a.
Ann al nan plaj!
Ou gen linèt solèy?

weather

How is the weather?
How is the weather outside?
It's nice weather.
It's hot.
It's very hot.
It's cold.
It's cool.
bad weather
It's snowing.
It's raining.
Yes, it's raining now.
No, it's not raining now.
It's windy.
The wind is blowing.
The wind is blowing hard.
It's sunny.
The sun is hot.
I like the weather.
I don't like the weather.
Let's go to the beach!
Do you have sun glasses?

vèb

verbs

(Translate these verbs to English and use them in a sentence.)

abite	ede	manje	sonje (chonje)
achte	eseye	mouri	sòti (soti)
ale	fè	padone	soupe
anseye	genyen	pale	tande
bay	kenbe	pare	tyeke
bezwen	kite	peche	vante
dejene	konprann	pentire	wè
deklare	koute	renmen	pran
kwè	repete	dine	leve
santi	dòmi	rete	sèvi

KATRIYÈM LESON (MWA, JOU NAN SEMÈN NAN, FRAZ)
FORTH LESSON (THE MONTHS, DAYS OF THE WEEK, PHRASES)

janvye	<i>January</i>	Nou nan mwa janvye.	<i>We are in January.</i>
fevriye	<i>February</i>	Nan ki mwa ou fèt?	<i>In what month were you born?</i>
mas	<i>March</i>	Jezila fèt nan mwa mas.	<i>Jesula was born in March.</i>
avril	<i>April</i>	Avril se katriyèm mwa nan ane.	<i>April is the 4th month of the year.</i>
me	<i>Mai</i>	Gen lapli an me.	<i>It rains in May.</i>
jen	<i>June</i>	Sezon ete kòmanse an jen.	<i>The summer season begins June.</i>
jiyè (jiye)	<i>July</i>	4 jiyè se jou endepandans Etazini.	<i>July 4 is Independence Day in the U.S.</i>
out (dawou, dout)	<i>August</i>	An(n) out fèy bwa tonbe.	<i>In August, leaves fall.</i>
septanm	<i>September</i>	Pèp ayisyen pa bliye 30 septanm.	<i>Haitians don't forget September 30th.</i>
oktòb	<i>October</i>	Nana fèt nan mwa oktòb.	<i>Nana was born in October.</i>
novanm	<i>November</i>	Novanm se onzyèm mwa nan ane a.	<i>November is the 11th month of the year.</i>
desanm	<i>December</i>	Gen anpil aktivite nan mwa desanm.	<i>There are man activities in December.</i>

jou nan semèn nan

days of the week

dimanch	<i>Sunday</i>	Anpil moun al legliz le (lè) dimanch.	<i>Many people go to church on Sundays.</i>
lendi	<i>Monday</i>	Lendi se premye jou travay mwen.	<i>Monday is my 1st day of work.</i>
madi	<i>Tuesday</i>	Pa gen lekòl madi.	<i>There is no school Tuesday.</i>
mèkredi	<i>Wednesday</i>	Kisa w ap fè mèkredi sa a?	<i>What are you doing this Wednesday?</i>
jedi	<i>Thursday</i>	Jedi se jou mache nan kanton sa a.	<i>Thursday is market day in this town.</i>
vandredi	<i>Friday</i>	Elèv yo kontan lè vandredi.	<i>The students are happy on Fridays.</i>
samdi	<i>Saturday</i>	Anpil moun travay (lè) samdi.	<i>Many people work on Saturdays.</i>

fraz

Nan ki mwa?
 Noun nan mwa jen.
 Janvyè se premye mwa nan ane a.
 Ki dènye mwa nan ane a?
 Gen douz mwa nan yon ane.
 Ki mwa ki pi kout nan ane a?
 Jodiya dimanch.
 Mwen pral legliz.
 Ou ale legliz?
 Yè te samdi.
 Ki jou jodiya ye?
 Ki jou demen ap ye?
 Demen ap lendi.
 Apre demen ap madi.
 Avanyè (avantyè, avanzyè (r.v))
 Gen sèt jou nan yon semèn.

Ki dat jodiya?
 Jodiya 29 jen 1997.
 Kilè dat fèt ou?
 Mwen fèt...
 Jodiya se fèt mwen.
 Erez anivèsè!

* r.v = rural variant [varyant rural]

phrases

In what month?
We are in June.
January is the first month of the year.
What's the last month of the year?
There are twelve months in a year.
What's the shortest month of the year?
Today is Sunday.
I am going to church.
Do you go to church?
Yesterday was Saturday.
What day is today?
What day is tomorrow?
Tomorrow is Monday.
The day after tomorrow is Tuesday.
Before yesterday was Thursday.
There are seven days in a week.

What's today's date?
Today is June 29, 1997.
When is your birthday?
I was born...
Today is my birthday.
Happy birthday!

SENKYÈM LESON (SEZON YO, NIMEWO) FIFTH LESSON (THE SEASONS, NUMBERS)

prentan	<i>spring</i>	Ki sezon ou pi renmen?	<i>What's your favorite season?</i>
ete	<i>summer</i>	Mwen renmen ete.	<i>I like summer.</i>
otòn	<i>fall</i>	Mwen pa renmen ivè.	<i>I don't like winter.</i>
ivè	<i>winter</i>	Chak sezon dire twa mwa.	<i>Each season lasts three months.</i>

An(n) Ayiti, n al nan plaj tout sezon.
 Nan Boston, n al plaj sezon ete.

In Haiti, we go to the beach all season.
In Boston, we go to the beach in summer.

nimewo numbers

1 (en)	11 (onz)	21 (venteyen)	31 (tranteyen)	41 (karanteyen)
2 (de)	12 (douz)	22 (vennde)	32 (trannde)	42 (karannde)
3 (twa)	13 (trèz)	23 (venntwa)	33 (tranntwa)	43 (karanntwa)
4 (kat)	14 (katòz)	24 (vennkat)	34 (trannkat)	44 (karannkat)
5 (senk)	15 (kenz)	25 (vennsenk)	35 (trannsenk)	45 (karannsenk)
6 (sis)	16 (sèz)	26 (vennsis)	36 (trannsis)	46 (karannsis)
7 (sèt)	17 (disèt)	27 (vennsèt)	37 (trannsèt)	47 (karannsèt)
8 (uit)	18 (dizuit)	28 (ventuit)	38 (trantuit)	48 (karantuit)
9 (nèf)	19 (diznèf)	29 (ventnèf)	39 (trantnèf)	49 (karantnèf)
10 (dis)	20 (ven)	30 (trant)	40 (karant)	50 (senkant)

51 (senkanteyen)	61 (swasanteyen)	71 (swasannonz)	81 (katrevenen)	91 (katrevenonz)
52 (senkannde)	62 (swasannde)	72 (swasandouz)	82 (katrevende)	92 (katrevendouz)
53 (senkanntwa)	63 (swasanntwa)	73 (swasanntchèz)	83 (katreventwa)	93 (katreventchèz)
54 (senkannkat)	64 (swasannkat)	74 (swasannkatòz)	84 (katrevenkat)	94 (katrevenkatòz)
55 (senkannsenk)	65 (swasannsenk)	75 (swasannkenz)	85 (katrevensenk)	95 (katrevenkenz)
56 (senkannsis)	66 (swasannsis)	76 (swasannsèz)	86 (katrevensis)	96 (katrevensèz)
57 (senkannsèt)	67 (swasannsèt)	77 (swasanndisèt)	87 (katrevensèt)	97 (katrevendisèt)
58 (senkantuit)	68 (swasantuit)	78 (swasandizuit)	88 (katrevenuit)	98 (katrevendizuit)
59 (senkantnèf)	69 (swasantnèf)	79 (swasandiznèf)	89 (katrevennèf)	99 (katrevendiznèf)
60 (swasant)	70 (swasanndis)	80 (katreven)	90 (katrevendis)	100 (san)

1000 (mil) 10.000 (dimil) 100.000 (sanmil) 100.000.000 (yon milyon)

premye	<i>first (1st)</i>	twazyèm	<i>third (3rd)</i>	senkyèm	<i>fifth (5th)</i>
dezyèm	<i>second (2nd)</i>	katriyèm	<i>fourth (4th)</i>	sizyèm	<i>sixth (6th)</i>
setyèm	<i>seventh (7th)</i>	uityèm	<i>eighth (8th)</i>	nevyèm	<i>ninth (9th)</i>
dizyèm	<i>tenth (10th)</i>				

SIZYÈM LESON (FANMI) SIXTH LESSON (FAMILY)

	Fanmi	family	
fanm	woman	manman	mother
fi	young girl; woman	mari	husband
frè	brother	mesye (msye)	sir, mister
gason	man	papa	father
granpè (granpapa)	grandfather	tant, matant, tantin	aunt
granmè (grann)	grandmother	tifi	girl, little girl
kouzen	cousin (m.)	timoun (yo)	children
kouzin	cousin (f.)	tonton (monnonk)	uncle
madam	(formal, use as title, Mrs...; lady)		
madanm	wife; wife of	zanmi	friend

Li se zanmi mwen.	<i>He, she is my friend.</i>
Ki non zanmi ou an?	<i>What's your friend's name?</i>
Se zanmi mwen Bil.	<i>This is my friend Bill.</i>
Zanmi mwen an rele...	<i>My friend's name is...</i>
Li se zanmi ou?	<i>Is he, she your friend?</i>
Ou gen frè ak sè?	<i>Do you have brothers and sisters?</i>
Konbyen sè ou genyen?	<i>How many sisters do you have?</i>
Kote frè w yo?	<i>Where are your brothers?</i>
Konbyen kouzen w genyen?	<i>How many (male) cousins do you have?</i>
Konbyen kouzin ou genyen	<i>How many (female) cousins do you have?</i>
Ki non manman w?	<i>What's your mother's name?</i>
Kijan papa w rele?	<i>What's your father's name?</i>
Gran paran w yo la?	<i>Are your grand parents living?</i>
Se madanm ou?	<i>That's your wife?</i>
Wi, se madanm mwen.	<i>Yes, that's my wife.</i>

SETYÈM LESON (BAY LÈ) SEVENTH LESSON (TELLING TIME)

Ki lè li ye souple?	<i>What time is it please?</i>	A ki lè ou leve chak jou?	<i>What time do you get up every day?</i>
Ou gen lè?	<i>Do you have time?</i>	Mwen leve chak jou a setè.	<i>I get up every day a seven.</i>
Ou rive alè.	<i>You arrive on time.</i>	A ki lè (yo sèvi) ti dejene a?	<i>What time is breakfast served?</i>
A ki lè ou al dòmi?	<i>What time do you go to bed.</i>	A ki lè soupe a?	<i>At what time the supper?</i>
Mwen al dòmi a dizè.	<i>I go to bed at ten.</i>	Li lè pou (nou) manje.	<i>It's time (for us) to eat.</i>

Li inè. *It's one o'clock.*
Li fè inè. *It's one o'clock.*

inè (1:00) twazè (3:00) nivè (9:00) senkè (5:00) setè (7:00) onzè (11:00)
dezè (2:00) katrè (4:00) dizè (10:00) sizè (6:00) uitè (8:00) midi (12:00)

minui *midnight*

a.m (dimaten, nan maten) | p.m (diswa, nan aswè)

Ou al dòmi bonè? *Do you go to bed early?*
Mwen pa renmen al kouche ta. *I don't like to go to bed late.*
A ki lè ou leve chak jou? *What time do you get up every day?*
Mwen leve chak jou a setè. *I get up every day at seven.*
Yo sèvi ti dejene a uitè. *Breakfast is served at eight.*
A ki lè yo sèvi dejene? *At what time they serve lunch?*
A ki lè nou soupe? *At what time do we eat supper?*
Nou pral manje a midi. *We are going to eat at noon.*

UITYÈM LESON (MANJE) EIGHT LESSON (FOOD)

bannann peze	<i>plantain</i>	krèm	<i>ice cream</i>
bè	<i>butter</i>	lay	<i>garlic</i>
bwason	<i>drink</i>	legim	<i>vegetable</i>
cho	<i>hot</i>	lèt	<i>milk</i>
diri kole	<i>rice and beans</i>	manba	<i>peanut butter</i>
epis	<i>spice</i>	mango	<i>mango</i>
diri	<i>rice</i>	manje	<i>food</i>
glase	<i>frozen</i>	pòm detè	<i>potato</i>
fri	<i>fruit</i>	pwav	<i>pepper</i>
glas	<i>ice</i>	pwason	<i>fish</i>
grangou	<i>hunger</i>	tyèd	<i>luke warm</i>
ji kokoye	<i>coconut milk</i>	sèl	<i>salt</i>
kafe	<i>coffee</i>	sik	<i>sugar</i>
kola	<i>soft drink</i>	te	<i>tea</i>
krab	<i>crab meat</i>	oma, woma	<i>lobster</i>

Mwen grangou. *I am hungry.*

Ou grangou? *Are you hungry?*

Kisa ou vle manje? *What do you want to eat?*

Kisa ou ta vle manje? *What would you like to eat?*

Mwen manje tout bagay. *I eat everything.*

Manje a pare (prè). *The food is ready.*

Ou vle manje kounyeya? *Do you want to eat now?*

Pitza a (ap) frèt. *The pizza is (getting) cold.*

Mwen vle kafe. *I want coffee.*

M vle te. *I want tea.*

Kisa ou pral bwè? *What are you going to drink?*

Kisa ou vle bwè? *What do you want to drink?*

Nou pral dine. *We are going to have dinner.*

Kisa k gen pou dine? *What's for dinner?*

Li bouyi? *Is it boiled?*

Ou dwe bouyi l dabò (avan). *You should boil it first.*

M vle krèm. *I want ice cream.*

Kisa ou ta renmen kòm desè? *What would you like for dessert?*

Kisa ou genyen kòm desè? *What do you have for dessert?*

Yon ti istwa sou senk dwèt yo ki te grangou.
A short story about the five fingers that were hungry.

Yon lè senk dwèt (*fingers*) yo te grangou anpil. Chak t ap panse kisa pou yo fè pou jwenn manje. Kounyeya y ap diskite, pale anpil pou chak di kijan yo pral debouye yo (*What they are going to do*) pou jwenn manje. Endèks di: «Mwen grangou». Lemajè (*middle finger*) di: «Mwen menm tou». Dwèt bag (*ring finger*) di: «Kisa pou n fè?». Ti dwèt (*little finger*) di: «Ann al vòlè ». Gwo pous (thumb) di: «Mwen pa ladan». Se depi lè sa a gwo pous retire kò l pami mesye yo; li yon ti jan ekate l (*scatter*).

REVIZYON REVIEW

Premye pati Part one

Reponn an kreyòl Answer in Kreyòl

- | | |
|--------------------------------|-------------------------------|
| a. Kijan ou rele? | h. Ou vle manje kounyeya? |
| b. Kikote ou sòti (soti)? | i. Ou vle achte yon bagay? |
| c. Se premye fwa ou vin Ayiti? | j. Ou prè (pare)? |
| d. Ou marye? | k. Kisa w ap fè? |
| e. Ou pale kreyòl? | l. Ou vle manje kounyeya? |
| f. Ki lang ou pale? | m. Dòmi nan je ou? |
| g. Ou grangou? | n. Konbyen jou w ap fè Ayiti? |
| | o. Kikote ou vizite Ayiti? |

Dezyèm pati Part two

Di fraz sa yo an kreyòl Say the following phrases in Kreyòl

- | | |
|---------------------------|-----------------------|
| 1. Are you (group) ready? | 107. Jesus loves you. |
| 2. Are you hungry? | 108. Let me try. |

3. *Are you sick?*
4. *At what time do we eat supper?*
5. *At what time is breakfast served?*
6. *At what time is lunch served?*
7. *At what time?*
8. *Before yesterday was Thursday.*
9. *Breakfast is served at eight.*
10. *Can I have your address?*
11. *Can I help you?*
12. *Can you help me please?*
13. *Can you help me?*
14. *Can you paint this?*
15. *Can you please repeat?*
16. *Can you please speak slowly?*
17. *Do you believe in God?*
18. *Do you go to bed early?*
19. *Do you go to church?*
20. *Do you have a Bible?*
21. *Do you have anything to declare?*
22. *Do you have sun glasses?*
23. *Do you have time?*
24. *Do you understand?*
25. *Do you want...?*
26. *Each season lasts three months.*
27. *Emergency bowel problem.*
29. *Everybody together!*
30. *Happy birthday!*
109. *Let's go to the beach.*
110. *Let's go!*
111. *My family is from Texas.*
112. *My friend's name is...*
113. *My name is Bill.*
114. *My name is...*
115. *My turn.*
116. *No, it's not raining now.*
117. *No, we are not ready yet.*
118. *O.k., you can take it.*
119. *Please, write to me.*
120. *Please, speak slowly.*
121. *See you!*
122. *She is my friend.*
123. *Stop for me please.*
124. *Stop here please.*
125. *Thank you very much!*
126. *That's my turn.*
127. *That's not important!*
128. *The Bible is talking...*
129. *The Bible says...*
130. *The food is ready.*
131. *The pizza is (getting) cold.*
132. *The sun is hot.*
133. *The wind is blowing hard.*
134. *The wind is blowing.*
135. *There are seven days in a week.*

31. *Have a nice trip!*
32. *Have you heard of Jesus Christ?*
33. *Have you heard the good News of Jesus Christ?*
34. *He is American.*
35. *He did it.*
36. *He is very intelligent.*
37. *He is very strong.*
38. *He, it is fast.*
39. *Here is what the Bible says.*
40. *How are you doing?*
41. *How can I help you?*
42. *How is the weather outside?*
43. *How is the weather?*
44. *How much does it cost?*
45. *How much is this?*
46. *I am eating. (I am in the process of eating)*
47. *I am from Boston.*
48. *I am going to church.*
49. *I am happy to meet you.*
50. *I am hungry.*
51. *I am intelligent.*
52. *I am sick.*
53. *I am strong.*
54. *I am there, holding on (I'm fine).*
55. *I am tired.*
136. *There are twelve months in a year.*
137. *There is something that smells here.*
138. *They are orphans.*
139. *They don't remember.*
140. *This is my friend Bill.*
141. *To believe in God; believe in God*
142. *Today is June 29, 1997.*
143. *Today is my birthday.*
144. *Today is Sunday.*
145. *Tomorrow is Monday.*
146. *Too fast!*
147. *We are American missionaries.*
148. *We are American.*
149. *We are going to eat at noon.*
150. *We are going to have dinner.*
151. *We are in June.*
152. *We are learning Kreyòl.*
153. *We are leaving now.*
154. *We are missionaries.*
155. *We are teaching at the orphanage.*
156. *We are teaching English*
157. *We'll keep in touch!*
158. *We'll keep in touch.*
159. *What am I doing now?*
160. *What are you going to drink?*

56. *I am waiting for your letter.*
57. *I don't feel well.*
58. *I don't have your address.*
59. *I don't like the weather.*
60. *I don't like to go to bed late.*
61. *I don't like winter.*
62. *I don't understand.*
63. *I eat everything.*
64. *I get up every day at seven.*
65. *I go to bed at ten.*
66. *I have nothing to declare.*
67. *I like summer.*
68. *I like the weather.*
69. *I like you.*
70. *I love you a lot.*
71. *I remember.*
72. *I want coffee.*
73. *I want ice cream.*
74. *I want tea.*
75. *I want to go to the bathroom.*
76. *I want to go to the toilet.*
77. *I will buy it.*
77. *I would like to buy it.*
78. *I'm American. (f.)*
79. *I'm American. (m.)*
80. *I'm sorry, I don't understand.*
81. *In what month?*
161. *What day is today?*
162. *What day is tomorrow?*
163. *What do you have for dessert?*
164. *What do you want to drink?*
165. *What do you want to eat?*
166. *What time do you get up every day?*
167. *What time do you go to bed?*
168. *What time is it please?*
169. *What time is it?*
170. *What would you like for dessert?*
171. *What would you like to eat?*
172. *What's for dinner?*
173. *What's happening?*
174. *What's the last month of the year?*
175. *What's the shortest month of the year?*
176. *What's today's date?*
177. *What's your address?*
178. *What's your favorite season?*
179. *What's your friend's name?*
180. *What's your name?*
181. *What's your nationality?*
183. *When am I going to see you again?*
184. *When are you leaving?*
185. *When is your birthday?*
186. *Where are we teaching?*
187. *Where are you from?*
188. *Where are you going?*

82. *Is she your friend?*
83. *Is it boiled?*
84. *It costs...*
85. *It is not my custom...*
86. *It's 1:00*
87. *It's a bargain.*
88. *It's Bill turn.*
89. *It's cold.*
90. *It's cool.*
91. *It's hot.*
92. *It's nice weather.*
93. *It's not expensive at all.*
94. *It's not expensive.*
95. *It's raining.*
96. *It's snowing.*
97. *It's sunny.*
98. *It's time (for us) to eat.*
99. *It's too expensive. (Too expensive)*
100. *It's too hot! (drink, food)*
102. *It's very hot.*
103. *It's windy.*
104. *January is the first month of the year.*
105. *Jesus died for our sins.*
106. *Jesus is the only way to Heaven.*
189. *Where do you live?*
190. *Where in Haiti are you from?*
192. *Where is Dr. Bernard going now?*
193. *Where is the toilet?*
194. *Who are these people?*
195. *Who is this?*
196. *Who remembers?*
197. *Who wants to try?*
198. *Whose turn is it?*
199. *Why do you do that?*
200. *Will you sell it for...?*
201. *With Jesus, all sins are forgiven.*
202. *With Jesus, everything is possible.*
203. *Yes, it's raining now.*
204. *Yes, we are ready.*
205. *Yesterday was Saturday.*
206. *You are very special to Jesus.*
207. *You arrive on time.*
208. *You look tired.*
209. *You should boil it first.*
210. *You're welcome (no problem)!*
211. *You're welcome!*
212. *Your passport please!*

(E. W. Védrine)